السنّة النبوية وعلومها
www.sunnah.global

# bokk na ci ñi gën a bon ci nit ñi mooy ñi bis-pénc di ñëw fekk ñuy dund, ak ñiy jàppe bàmmeel yi ay jàkka

Jële na ñu ci Abdullah Ibn Mashuud -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne: dégg naa Yonnente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- muy wax ne: «bokk na ci ñi gën a bon ci nit ñi mooy ñi bis-pénc di ñëw fekk ñuy dund, ak ñiy jàppe bàmmeel yi ay jàkka».

[Tane na] [Ahmat soloo na ko]

Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day xibaare ñi gën a yées ci nit ñi, te mooy ñi nga xamne saa day taxaw fekk ñuy dund, ak ñiy jàppe bàmmeel yi ay jàkka, di fa julli ak di fa jublu.

https://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/3375

النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY
لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC E-Da'wah Committee